



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NIVO REKÒ NAN TRAVAY ENÈJI PWÒP KE ETA NEW YORK TE JANM ATENN

*Opòtinite karyè dekalite nan sektè enèji pwòp yo kontinye ap depase kwasans global travay nan tout eta a pandan New York ap akselere efò pou atenn objektif klimatik yo*

*Apiye angajman Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a pou asire yon tranzisyon ki jis epi ekitab pou tout Nouyòkè*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kantite moun ki gen travay nan enèji pwòp te atenn nivo ki pi elve ak yon rekò 171,000 travayè nan fen ane 2022 a, ki reflète opòtinite karyè dekalite nan sektè enèji pwòp ki kontinye ap depase kwasans global travay nan tout eta a pandan New York ap akselere efò pou atenn objektif klimatik yo. Anons jodi a apiye angajman Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a pou asire yon tranzisyon ki jis epi ekitab pou tout Nouyòkè.

“Rapò Sektè Enèji Pwòp ane sa prezante yon imaj de eta nou an k ap pwospere nan ekonomi vèt ki pwomèt,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Kominote New York yo ap konstui pakou ki dirab pou siksè atravè devlopman mendèv. Kalite travay ki soutni fanmi n ap obsève nan endistri enèji pwòp la bay opòtinite pou kwasans, pandan l ap ofri yon chans pou fè enpak pozitif ki enpòtan sou anprent kabòn New York.”

[Rapò Endistri Enèji Pwòp New York](#) pou 2023 ki pibliye jodi a pa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) bay done sou kendistri enèji pwòp Eta a jiska fen ane 2022 a. Rapò a montre ekonomi enèji pwòp New York la te ogmante a 3.5 pousan de 2021 a 2022, ki depase kwasans ekonomik nan tout eta a ki se 3 pousan epi ki ajoute apeprè 30,000 djòb depi 2015, lè NYSERDA te premye kòmanse swiv travay nan enèji pwòp yo.

### Lòt rezilta kle nan rapò ane sa a genyen ladan yo:

- New York te genyen apeprè 171,000 travayè nan enèji pwòp nan fen ane 2022 a, yon ogmantasyon 5,800 djòb depi 2021.

- Kwasans travay nan enèji pwòp la fèt nan tout sektè teknoloji yo:
  - Dekarbonizasyon imèb ak efikasite enèji te ajoute plis pase 2,000 djòb epi te atenn 75 pousan nan tout travay nan enèji pwòp an 2022.
  - Transpò pwòp ak altènatif te kontinye obsève kwasans eksepsyonèl, ki ogmante a 20 pousan, oswa 2,223 djòb nan sèlman douz mwa.
  - Modènizasyon Rezo ak estokaj enèji te ogmante a 10 pousan, oswa 241 djòb.
  - Pwodiksyon kouran elektrik renouvlab te eksperimente 5 pousan kwasans tou, ak plis pase 1,200 nouvo djòb.
  
- Endistri enèji pwòp New York la ap bay travay bon kalite:
  - Nan ankèt sou travayè nan enèji pwòp yo, 88 pousan moun ki reponn yo te rapòte yo satisfè ak karyè yo.
  - Travayè ki egziste yo te rapòte tou nivo satisfaksyon ki elve ak pwomosyon, salè, fòmasyon siplemantè ak opòtinite pou grandi, ki siyale posiblite devlopman karyè nan enèji pwòp ki solid.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** Angajman New York anvè enèji pwòp vini ak benefis ekonomik ki pote transfòmasyon, ki enkli opòtinite karyè ki atiran, ki byen peye pou plizyè milye Nouyòkè atravè eta a. Rapò ane sa mete aksan pou nou yon lòt fwa ankò sou ki pwen li esansyèl pou kontinye devlopman mendèv devan nan tranzisyon Eta a, pou nou pa sèlman prepare travayè yo pou travay jodi a, ak demen, men pou fè Eta a kontinye avanse vè objektif Lwa Klimatik nou yo.”

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Nouvo rapò sa souliyen klèman kijan sa kreye travay ak opòtinite lè nou sipòte ekonomi vèt Eta New York la. Lè nou fòme mendèv nou an epi investi nan endistri ak konpayi ki konsantre sou teknoloji ak solisyon enèji pwòp yo, n ap benefisye de anviwònman an epi bay yon avni ki dirab pou tout Nouyòkè.”

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Dènye chif nan rapò sa yo se yon testaman de angajman enfayib Eta New York pou kreye yon avni ki pi dirab, ekitab. Ogmantasyon kantite anplwa nan sektè enèji pwòp la pa sèlman satisfèzan; yo reprezante pwogrè reyèl, tanjib nan misyon nou pou konbat chanjman klimatik la. Yo reflekte tou devouman nou pou asire ke nouvo opòtinite sa yo aksesib pou tout Nouyòkè epi mwen aplodi angajman dirab Gouvènè Hochul nan efò sa yo.”

Pou ranfòse rezo New York la pou travayè kalifye epi asire yon tranzisyon ki jis epi ekitab vè yon rezo zewo emisyon, NYSERDA te angaje plis pase 170 milyon dola pou devlopman mendèv ak inisyativ fòmasyon. Sa ki pi enpòtan, NYSERDA bay pwogram fòmasyon yo priyorite pou popilasyon ki pi defavorize nan eta a avèk apeprè 40 pousan finansman ki ale nan inisyativ ki sèvi moun ki gen revni ki fèb, ansyen militè, travayè ki

andikape, paran selibatè, ansyen prizonye, ak moun ki soti nan kominote ki defavorize yo. Pwogram sa yo ede entegre tou travayè nan konbistib fosil yo nan endistri enèji pwòp la. NYSERDA ap finanse plizyè efò tou pou sansibilize sou karyè nan lekòl matènèl rive nan 12yèm ane yo epi fòme pwofesè yo sou opòtinite karyè nan enèji pwòp.

Nan kad angajman li, efò devlopman mendèv NYSERDA yo sipòte pwogram pakou karyè ki bay edikasyon, fòmasyon ak sèvis pou ede mete nouyòkè yo nan okipasyon nan enèji pwòp tankou chofaj, vantilasyon, ak è kondisyone wo rannman (heating, ventilation, and air conditioning, HVAC), konstui elekrifikasyon, sistèm enèji efikas ak enèji ewolyèn nan kot epi pèfeksyone epi resikle travayè ki egziste yo pou djòb enèji pwòp yo. NYSERDA te deja bay apeprè 80 milyon dola pou sipòte patenarya enpòtan ak travayè, kolèj ak inivèsite, òganizasyon san bi likratif, fabrikan, asosyasyon komès ak lòt moun, pou asire travayè yo resevwa fòmasyon atravè kou edikasyon kontini, pwogram sètifika, pwogram diplòm, estaj, aprantisaj ak fòmasyon nan kad travay. Efò sa yo ap ede fòme epi prepare plis pase 40,000 Nouyòkè pou devlope opòtinite travay nan enèji pwòp epi asiste biznis enèji pwòp yo nan rekrite, anboche, epi fòme travayè yo. Jiska jodi a, plis pase 32,000 nouvo travayè ak sa ki egziste te fòme oswa nan fòmasyon. Pou plis enfòmasyon sou kijan NYSERDA ap fè yon mendèv solid nan enèji pwòp pwogrese, tanpri gade [sitwèb](#) NYSERDA a.

Pou konsyantize piblik la, NYSERDA te sipòte tou yon nouvo seri dokimantè pa Roadtrip Nation: "[Empowered State](#)", ki montre inovasyon abondan nan enèji pwòp New York State ak opòtinite travay ekolojik, pandan l ap swiv twa jèn adilt ki t ap vwayaje nan tout Empire State la pou wè tranzisyon pasyonan, nan enèji pwòp ki deja ankou a, ak karyè enpòtan nan enèji pwòp k ap alimante li. Seri sa yo mete ajou enpak objektif Klima New York la ki demontre kijan yon ekonomi enèji pwòp abouti sou nouvo opòtinite devlopman ekonomik nan tout eta a epi sipòte anplwa anlontèm nan tout sektè yo.

**Senatè Eta a Kevin Parker te deklare,** "Yon eleman kle pou konstui ekonomi enèji pwòp la epi abòde enpak chanjman klimatik se devlope mendèv ki kalifye pou konstui, opere epi fè mentnans nan enfrastrikti ki nesèsè pou atenn objektif nou yo. Rapò sa montre ke travay nou se ede kreye nouvo opòtinite travay nan sektè enèji pwòp la, epi livre angajman CLCPA a pou fòme Nouyòkè nan kominote ki defavorize yo epi bay nouvo pakou karyè."

**Senatè Eta Jessica Ramos te deklare,** "Kantite travay sa yo demontre ke djòb klimatik yo se avni ekonomi nou an. Mwen fyè de travay komite anplwa a pou garanti finansman pou pre-aprantisaj ak aprantisaj pou nou ka kontinye prepare jèn moun yo pou yon ekonomi klimatik 21yèm syèk la. Chif sa yo konfime rezolisyon mwen pou elan sa kontinye tou senpleman nan sik bidjè k ap vini an," Senatè Jessica Ramos, Prezidan Komite Travay Sena a, te deklare."

**Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 55 milya dola nan 145 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)